Нымæц: 13.10.2022 аз

Къласс, ахуыргæнæг **:** 6 «В», Цæбиты Г.М.

Ахуырдзауты нымæц: 12

<table>
<tr><td colspan="2">Темæ: Хауæнты тыххæй æрмæг фæлхат кæнын</td><td>Урочы тип: фæлхат.<br>Ирон æвзаг æмæ технологийы иугонд урок</td></tr>
<tr><td colspan="3">Хæстæ: - хауæнты тыххæй æрмæг бафидар кæнын<br>- ирон æвзаджы хауæнтæ æмæ сæ фæрстытæ зонын<br>- аив æмæ интонацион æгъдауæй раст кæсынбыл ахуыр кæнын.<br>- æрзон æрмæгимæ(змисимæ) арæхсджынæй кусын</td></tr>
<tr><td colspan="3">Фæстиуджытæ</td></tr>
<tr><td><u>Предметон</u></td><td><u>Метапредметон</u></td><td><u>Удгоймагон</u></td></tr>
<tr><td>- хъуыдыйады мидæг номдартæ цы хауæны формæйы æвæрд сты ,уый иртасын<br>-хъудыйады мидæг номдартæм раст фæрстытæ æвæрын, дзырдæн йæ кæрон раст иртасын<br>-тексты дзырдты формætæй раст пайда кæнын</td><td>-урочы ахуырадон хæс æмбарын æмæ йæ зæрдыл дарын;<br>-хатдзæгтæ кæнын, архайды пълан аразын, фæстиуджытæн рагацау прогноз кæнын;<br>-хицæн миниуджыты бындурыл иумæйаг хатдзæгтæ кæнын;<br>-хиконд хатдзæгтæ хуызæгимæ барын, æххæст сæ кæнын</td><td>-хи бæрнондзинад æмæ хæдбардзинад æмбарын (хатын)</td></tr>
<tr><td colspan="3">Предметты хсæн бастдзинад: литературон кæсынад (хъуыдыйæдтæ аив кæсын)<br>æрдзы фæзындтыл æрдзурын (лæмбынæгдæр арвæрдыны тыххæй)<br>хуызджын змисæй ныв саразын</td></tr>
<tr><td colspan="3">Æххуысгæнæг фæрæзтæ (ресурстæ): ахуыргæнæн чиныг, кусæн тетрад, кусæн программæ,интерактивон фæйнæг, проектор, презентации,<br>Карточкæтæ,сфæлдыстадон æрмæг(хуызджын змис,клей,кисточкæтæ,стыр авг кæнæ кæсæн)</td></tr>
<tr><td colspan="3">Урочы цыд</td></tr>
<tr><td colspan="2">Ахуыргæнæджы архайды мидис</td><td>Скъоладзауы архайды мидис</td></tr>
<tr><td colspan="3">Зонындзинæдтæ райсыныл архайды мотиваци</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| Ахуыргæнæг сабиты здахы электрон фæйнæгмæ æмдзæвгæ:<br>Слайд1<br><br>Рæдыдæй ма тæрс ды , мæ хур!<br>Кæддæриддæр æмбал дæ фарсмæ!<br>Зын дын куы уа - æргом-иу дзур,<br>Фæрсгæйæ атайдзæн дæ фарста!<br><br>- Куыд æмбарут ацы ныхæстæ<br>- Рæдыйын алкæддæр æвзæр у æви дзы ис исты пайда<br><br>- Уæдæ уæд райдайæм нæ куыст<br><br>Слайд2<br>Немыцаг æвзаджы сты – 4<br>Венгейраг æвзаджы- 22<br>Англисаг æвзаджы -2<br>Уырыссаг æвзаджы -6<br>Ирон æвзаджы – 8<br>Алкæмæн дæр сæ ис йæхи фæрстытæ<br><br>Ацы ныхæстæм гæсгæ сбæрæг кæнут нæ абоны урочы темæ.<br>Цавæр хæстæ сæвæрдзыстæм нæ разы<br><br>Темæ сæхæдæг хъуамæ ссарой æмæ ахуырадон хæс сæхæдæг сæ размæ сæвæрой | Хъомыладон беседæйы архайынц.Сæ хъуыдытæ дзурынц.<br><br>. Цы хъуамæ базоной, уый бæрæг кæнынц.<br><br>Сæ размæ æвæрынц бæлвырд хæс – цы сты хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ, тексты сæ агурынц æмæ цавæр хъуыдыйады уæнгтæ сты, уый бæрæг кæнынц |

| Зонындзинæдты актуализаци | |
|---|---|
| Сывæллæтты ныхæстæн хатдзæг кæны<br>_ абон мах сфæлхат кæндзыстæм хауæнты тыххæй цы æрмæг | - Ахуыргæнæджы фæрстытæн дзуапп дæттынц. |

<table>
<tr><td>базыдтам , уый<br>_бафидар æй кæндзыстæм<br>_архайдзыстæм раст дзурын æмæ фыссыныл<br>_бакæндзыстæм сфæлдыстадон куыст æрдзон æрмæгæй<br><br>-Сывæллæтты архайд аразы дзырдуатон-цæстуынгæ диктант ныффыссынмæ<br>Слайд3,4,5,6,7<br>(нывтæ – арвæрдын,тæрккъæвда,миттымыгъ,хурныгуылд,арвæрттывд)<br>Слайд8<br>«Дæхи сбæрæг кæн»<br><br>-Се скондмæ гæсгæ цавæр дзырдтæ сты<br>-Иу ныхасæй сын куыд ис схонæн</td><td>Сывæллæттæ кусынц тетрæдты, иу та фæйнæгыл<br><br>Фæйнæджы эталонмæ гæсгæ сæ куыст барынц, тæссаг бынæттæ амонгæйæ<br><br>Ахуыргæнæджы фæрстытæн дзуапп дæттынц</td></tr>
<tr><td colspan="2">Зонындзинæдтæ райсыныл архайды арæзт</td></tr>
<tr><td>æрдзы фæзындтæй æппæты диссагдæр у арвæрдын .Арвæй зæххы' хсæн куы алæууы, уæд адæймаджы дисы бафтауы!<br><br>- цал хуызы ис арвæрдынæн<br>Ранымайут сæ фæдфæдыл<br><br>Слайд9(арвæрдыны ныв)<br><br>-Сывæллæтты архайд аразы дзырд «арвæрдын» атасындзæг кæнынмæ<br>.Дæтты сæм фæрстытæ:<br>-Иу хатт ма мын æй зæгъут, ныртæккæ цæй кой кæнæм?<br><br>-Авд хуызы цæмæн ис?<br>-Уæ чиныджы цъарыл та цæмæ фæкæсут?<br>-æрдзы фæзындтæй цæмæй рæсугъддæр нæй?<br>-Къæвдайы фæстæ цæуыл бацин кæнæм?<br>-цæимæ абарæн ис хъулон къафеттытæ?<br>-мæнæ ацы змис ахуырст у цæйау?<br>-</td><td>Сывæллаттæ дзурынц сырх<br>Сырхбынбур<br>Бур<br>Кæрдæгхуыз<br>æрвхуыз<br>цъæх<br>фиалкæхуыз<br>.<br><br>Ахуыргæнæджы фæрстытæн дзуапп дæттынц</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| æркæсут ма дзырд арвæрдын куыд аивта(ах. фыссы фæйнæгыл)<br>-æмæ уыцы ивынад куд хуыйны<br><br>Уæдæ ныр хауанты тæблицæ баххæст кæнæм æмæ алы хауæны ном æмæ фæрстытæ нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм<br>Слайд10(хуызджын таблицæ)<br><br>Ахуыргæнæг кæнын кæны карточкæтыл куыст къæйттæй кусгæйæ. Бæрæггонд дзырдтæн хъуамæ сбæрæг кæной сæ хауæн æмæ зæгъой æмдзæвгæ чи ныффыста<br>. Кæрæдзийы хъуамæ сбæрæг кæной . -<br><br>-Уавæртæ аразы сывæллæтты хибарæй сфæлдыстадон куыстæн :<br><br>Слайд11(синквейн)<br>Дзырд тасындзæг- æн синквейн аразын кæны<br><br>Кæд афтæ зæгъут æмæ тасындзæг арвæрдыны хуызæн у уæд ма йын абон йæ ныв скæнæм.-рмæст хуымæтæг ахорæнтæй нæ, фæлæ хуызджын змисæй æмæ нæ хауæнтæ дæр арвæрдыныл бакæнæм!<br><br>(кусынц технологийы ахуыргæнæджы амындмæ гæсгæ) | Фæрстытæм гæсгæ аивтой йæ кæрæттæ<br><br>Дзуапп дæттынц: «тасындзæг»<br><br>æххæст кæнынц таблицæ<br><br>къæйттæй кусынц карточкæтыл<br><br>Сывæллæттæ амонынц цы у синквейн æмæ аразынц |

| Хатдзæгтæ скæнын | |
|---|---|
| - Ахуырадон архайды фæстиуджытыл аразы афæлгæст: фæрсы – сæ размæ æвæрд хæстæ æххæстгонд æрцыдысты æви нæ, цавæр зындзинæдтыл фембæлдысты, цавæр æнтыстытæ сæ къухы бафтыд. æнтыстытæ æмæ зындзинæдтæн цавæр аххосæгтæ уыд.<br><br>Хæдзармæ куыстæн фæлтæрæн æвзары (абон нæ цæстуынгæ диктанты цы æрдзы фæзындтимæ сымбæлдыстæм уыдонæй иу разарут æмæ йыл ныффыссут цыбыр радзырд, цы номдартæй спайда кæнат уыдонæн сæ хауæнтæ сæ хауæнтæ сбæрæг кæнут) | - Цы ногдзинæдтæ базыдтой, уыдонæн хатдзæгтæ кæнынц. Ахуырадон хæстæ куыд сæххæст кодтой, уый бæрæг кæнынц. Дзурынц, зын сын цы уыд сæ сæххæст кæнынмæ, уый. Се 'нтыстдзинæдтæ кæрæдзийæн не'вгъау кæнынц. |

**Уæлæмхасæн æрмæг:** гаххæттæй конд дидинджытæ æмдзæвгæимæ

Арвæрдын цæхæртæ калы
***Номон*** хауæнæй æрхызт,
Сырх ***гуырынон*** хауæн дауы
Мигъты къæбæлдзыг фæ

Сырхбынбур ***дæттынон*** худгæ
Бур ***арæзтонмæ*** кæсы,
Кæрдæгхуыз ***иртæстон*** смудгæ,
Дидинджыты баст хæссы.

Уым æрвхуыз ***æддагбынатон***
Цъæх ***цæдисонимæ*** – "мбал!
Уым фиалкæхуыз ***хуызæнон***

| | | |
|---|---|---|
| У йæ фыррæсугъдæй хъал! | | |
| **Цы фæстиуджытæм æрцыдысты, уый диагностикæ**: | | |
| **Уæлæмхасæн сфæлдыстадон хæслæвæрд**: зæрдыл бадарын кæй хъæуы, уыцы æрмæг ссарын æмæ рафыссын. | | |
| **Хи куысты анализ** | | |
| Æнтыстдзинæдтæ | Зындзинæдтæ | Фæндон |

Директор Корнаева Т.Л.